

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

NOVANM 2017

Volim 10, NIMEWO 37

SA KI LADAN:

- Patenarya Kont Nuizans
- Ar nan Lekòl nou yo
- Biwo Kominikasyon

KISA KI FÈ W REKONESAN ANE SA A?



Elèv ak edikatè pral aksanatyé sou sa ki fè yo rekonesan ane sa a. Chèche 'hashtag' #MDCPSGivesThanks

SIPÈENTANDAN CARVALHO RESEVWA YON PRIM IMANITÈ

Samdi 28 oktòb, nan Gala Iliminasyon 2017 li a, 'Chapman Partnership' te remèt Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho prim prestijye Alvah H. Chapman Jr. Humanitarian Award" (Prim Imanitè Alvah H. Chapman Jr.). Se moun oubyen òganizasyon ki suiv egzanp moral ak sivik Alvah H. Chapman Jr. nan sèvi moun sanzabri yo bay prim sa a.

Yo te bay Sipèntandan Carvalho prim sa a pou



angajman ak pasyon li nan ede moun sanzabri yo rejwenn diyite yo. Distri a satisfè bezwen manje, kay, ak

bezwen edikasyonèl plizyè milye elèv sanzabri ak fanmi yo.

REYINYON
KOMISYON KONSEY LEKÒL

6 desanm

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

17 janvye

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

21 fevriye

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

- 22 novanm – Jounen Planifikasyon pou Pwofesè
- 23 novanm – Jou Remèsiman (Thanksgiving)
- 24 novanm – Jou Konje

'1MILLION PROJECT'



M-DCPS ak Sprint pran angajman pou fèmen eka nan devwa a.

"1Million Project" Sprint la fèt pou ede plis pase yon milyon elèv lekòl segondè Ozetazini ki pa t gen aksè Entènèt lakay yo atenn tout potansyèl yo nan ba yo aparèy ak aksè a Entènèt gran vitès. Sprint pral distribye 14,000 aparèy san fil gratis ak sèvis bay elèv M-DCPS ki elijib pou jiska kat ane pandan yo nan lekòl segondè.

Patenarya sa a pral ede elimine dezè dijital ki genyen nan kominate nou yo, nan ofri opòtinite aprantisaj nepòt lè, nepòt kote.

M-DCPS FÈ PATERNYA AVÈK FACEBOOK POU DEVLOPE INISYATIV KONT NUIZANS



Nan sosyete jounen jodi a ki eksesivman konekte, fè elèv nou yo konprann enpòtans sitwayènte dijital se yon priyorite. Pandan teknoloji vin fè pati salklas nou yo ak lavi nan fwaye yo, nou dwe asire elèv nou yo ap itilize medya sosyal yon fason ki gen sekirite, ki legal, e responsab.

Mwa pase, elèv nan 40 lekòl leta nan Miami-Dade County te rasanble nan Lekòl Segondè Southwest Miami pou yon fòmasyon Anbasadè Kont Nuizans, kote yo te resevwa ide pratik ansanm ak meyè konsèy sou fason pou evite

Gaye mesaj konsènan kisa sa vle di pou w janti e respekte moun, pèsònèlman e atravè aparèy ou a.

e rapòte konpòtman ki pa apwopriye. Se 'Diana Award', yon òganizasyon ki pa la pou pwofi e ki pote non Prensès Diana, ki devlope e prezante fòmasyon sa a avèk konviksyon jèn moun gen pouvwa pou chanje mond lan pou fè l vin pi bon. Apre yon jounen konplè aktivite, jèn yo gen kounye a yon pi bon konprenansyon sou kesyon nuizans la; fason pou

selebre divèsite; e fason pou sipòte lòt moun.

Apre yon ensidan trajik ki enplike youn nan elèv nou yo, yo te difize andirèk sou Facebook, Sipèntandan Carvalho te plede pou antite medya sosyal yo pran aksyon pou anpeche kalite ensidan sa yo rive. Atravè patenarya sa a avèk Facebook, elèv genyen kounye a zouti pou yo ka gaye sansibilizasyon konsènan kesyon enpòtan sa a, nan asire chak moun santi l an sekirite nan lekòl, ni lè yo sou Entènèt ak ni lè yo pa sou Entènèt.

Avèk 'Art Basel' k apwoche byen vit e ki pral fèt toupre nou, elèv M-DCPS gen opòtinite pou yo fè eksperyans ar nan salklas e andeyò salklas. Kèk lekòl nou chwazi pral vizite Mi Wynwood yo ansanm ak Ekspozisyon Atistik Ar Basel ki pral fèt nan Lekòl Mwayen Jose de Diego. Pandan eksperyans sou teren sa a, yo pral ekspoze elèv ak ar ki fèt nan epòk nou an, miral ki fèt sou Mi Wynwood yo, penti miral andirèk atis entènasyonal fè, ak yon ekspozisyon atistik elèv ar vizyèl ak pèfòmans nan lekòl sgondè M-DCPS fè.

Anplis, plizyè lekòl pral kontan vizite egzibisyón Art Basel la, ki pral ankouraje espri kreyatif elèv yo. Eksperyans sa a pral pèmèt elèv yo wè tout fòm vidéyo 2-D, 3-D ak pèfòmans atistik atis fi fèk ap parèt e sa ki déjà etabli, ansanm ak gran mèt yo fè.

AR NAN LEKÒL NOU YO



NOU AP PREZANTE N BIWO KOMINIKASYON @MDCPS

Kijan kominote a rete enfòmè e edike? Nou ap prezante n ekip pwofesyonèl devwe Biwo Kominikasyon an ki asire I rezidan Miami-Dade yo resevwa enfòmasyon ki pi ajou konsènan lekòl, pwogram e inisyativ nou yo, ansanm ak sitiyasyon ki gen enpak sou lekòl nan tout konte a. Travay y ap fè depi lontan nan radyo ak televizyon lokal yo pèmèt gaye enfòmasyon yo byen vit. Pataj enfòmasyon ann Espayòl ak Kreyòl gen ladan tou tradiksyon plizyè santèn dokiman.

Divizyon 'Strategic Educational Marketing' ap siveye divès zouti pou gaye enfòmasyon tankou kanpay nan divès medya



e li elajи efò medya sosyal yo. Divizyon Kominikasyon Entèn nan itilize apèl telefonik otomatik, lèt elektwonik, ak mesaj tèks ann ijans pou kenbe elèv, fanmi, ak anplwaye yo enfòme.

Sant Enfòmasyon an bay repons pou demand ak ankyetid piblik la nan

telefòn, lèt elektwonik, TDD, e an pèsòn konsènan divès règ, pwosedì, regilasyon, evènman ki ap fèt, operasyon ak demand dosye piblik nan M-DCPS. Pou plis enfòmasyon, vizite news.dadeschools.net.

LANSMAN PWOJÈ NAN KROP SENIOR HIGH



Yon envestisman \$9.8 Milyon Bon Obligasyon Jeneral ki pote yon apwòch inovatif nan ansèyman ak aprantisaj, dezyèm Akademi iPrep endepandan nan Lekòl Segondè Dr. Michael M. Krop. iPrep sa a, nou atann ki ap ouvri pou ane lekòl 2018-2019 la pral prezante 600 novo plas pou elèv ak divès gwo espas kolaborasyon. #GOBprogress

SEKIRITE AN PREMYE @MDCPS



M-DCPS se yon sant fòmasyon ki sou menm liy avèk 'American Heart Association' pou ofri sesyon fòmasyon chak ane sou "Cardiopulmonary Resuscitation (CPR)" (Resisitasyon Kadyo-Respiratwa) ak klas sètifikasyon pou pwofesè ak anplwaye. Anplis, pwofesè edikasyon fizik nan lekòl segondè yo fòme tout elèv ki enskri nan klas Kondisyon Fizik Pèsonèl yo. Gen de (2) manm pamí anplwaye nan tout lekòl yo ki sètifye nan CPR.

KONSEY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Premyèman: Voluntary
Enpòtan
Dezyèmman: Plan etid ede elèv etidye avèk plis entelijans, pa pou plis tan
Pou plis resous, vizite <https://www.engagemiamidade.net/>



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



MiamiSchools
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



MiamiSchools

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipètentandan Lekòl yo

Bryce Febres
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisiye Anchèf Kominikasyon